# Bataaxal bi Yàlla may Pool, mu bind ko FILEMON

1 Man Pool, mi ñu tëj kaso ngir Kirist Yeesu, ak
sunu mbokk Timote, noo lay bind, yaw Filemon
sunu soppe ak sunu nawle ci xeex bi; 2 te
fàttewunu sunu jigéen Afiya, ak sunu àndandoo
ci xeex bi Arkib, yéen ak mbooloom ñi gëm, miy
dajee sa kër. 3 Yal na leen Yàlla sunu Baay ak
Boroom bi Yeesu Kirist may yiw ak jàmm.

*Cant ak ñaan ci Yàlla*

4 Duma la noppee boole ci samay ñaan, di ci
sant Yàlla sama Boroom, 5 ndaxte dégg naa sa
ngëm ci Boroom bi Yeesu, ak sa mbëggeel ci
gaayam yu sell yépp. 6 Li may ñaan nag a ngi
nii: nga xam bu wér ngëneel, yi nu am yépp
ci sunu bokk ci Kirist, ba tax bokk gi nga am
ci Yàlla ci kaw ngëm meññ i njariñ. 7 Ci dëgg-
dëgg sa mbëggeel bégal na ma bu baax, ba dëfal
sama xol; ndaxte xam naa, sama mbokk, ni nga
féexale xoli gaayi Yàlla yu sell yi.

*Pool làyyil na Onesim*

8 Am na lu ma la bëgga ñaan; teguma ko
ci sañ-sañ bu mat bi ma Kirist may, ci teg la
ndigalu def sa warugar, 9 waaye dama lay ñaan
ci mbëggeel gi nu séq, man Pool màggat, mi
ñu tëj kaso ci turu Kirist. 10 Maa ngi tinul sama
doomu diine Onesim, mi ma jur ci Kirist fii ci

kaso bi. [11] Amul woon sa njariñ* démb, waaye
tey amal na nu njariñ, yaw ak man.
[12] Maa koy yebal fi yaw, waaye xamal ne mooy
sama reeni xol. [13] Dama koo bëggoona téye fi
sama wet, ngir mu taxawal la, di ma dimbali, li
feek maa ngi ci kaso bi ngir xibaaru jàmm bi.
[14] Waaye bëggumaa def dara loo àndul; noonu
ndimbal li nga may defal du nekk sañul-bañ,
waaye mu ànd ak xol bu tàlli. [15] Xëy na sax dafa
tàggoo woon ak yaw diir bu gàtt, ngir nga jotaat
ci ba fàww; [16] waxuma léegi ni jaam rekk, waaye
lu ko sut, xanaa mbokk mu dëggu ci xol, fekk
looloo raw ag njaam. Mbokk la ci man, rawatina
ci yaw, muy sa jaam ci aada, di sa mbokk léegi
ci Boroom bi.
[17] Soo ma jàppee ni nawle nag, teeru ko, ni su
ma la doon ganesi. [18] Soo ko naree topp genn
tooñ mbaa benn bor, topp ma ko. [19] Man Pool
maa ngi lay bind ak sama loxob bopp ne dinaa
la ko fey; bëggumaa yegg ci ne sag dund sax ci
man la jaar! [20] Waaw, yaw sama mbokk, dimbali
ma ci Boroom bi, te seral sama xol ci sunu bokk
ci Kirist. [21] Noonu bind naa la, ndax wóor na ma
ne dinga ma déggal, ba weesu sax li ma la sant.
[22] Te itam nanga ma waajal néeg, ndaxte
yaakaar naa ne Yàlla dina nangu seeni ñaan, ba
delloosi ma leen.
[23] Sama mbokk Epafras, mi ma nekkal fi ci
kaso bi ci turu Kirist, mu ngi lay nuyu. [24] Samay
àndandoo ci liggéey bi, Màrk, Aristàrk, Demas
ak Luug, ñu ngi lay nuyu.

* **1:11** njariñ: ci làkku gereg turu Onesim mooy tekki «Ku am
njariñ.»

25 Yal na yiwu Boroom bi Yeesu Kirist ànd ak
seen xel.

# Téereb Injiil
## The New Testament in Wolof, 2010 version.
## Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 22 Feb 2024 from source files dated 17 Jul 2020
79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e